BERDAQ ATINDAG’I
QARAQALPAQ MAMLEKETLIK
UNIVERSITETI

TABIYATTANIW HAM GEOGRAFIYA
FAKULTETI

Geografiya kafedrasi

O’zbekstan tabiyiy geografiyasi paninen

# Referat jumisi

Tema: O’zbekstan landshaftlarinin’ zonallig’i, biyiklik poyaslari bo’yinsha klassifikatsiyalaniwi

Orinlag’an: Qalniyazov.S
Qabillag’an: Nawrizbaeva.G

No’kis-2012j

Jobasi;

1. O’zbekstan landshaftlarnin’ zonallig’i
2. Landshaftlardin’ biyiklik poyaslari bo’yinsha jaylasiwi
3. O’zbekstan landshaftlarinin’ klassifikatsiyalaniwi

## 1. O’zbekstan landshaftlarinin’ zonallig’i

O’zbekstannin’ turli bo’limlerinde Quyashdan keletug’in jilliq jalpi radiatsiya mug’dari turlishe, arqada 140 kkal/kv sm den, qublada kkal/kv sm shekem o’zgeredi. Bul bo’lsa hawa temperaturasinin’, ig’alliqtin’ bir tegis bo’listirilmewine ham har bir klimat poyasi shen’berinde o’zine ta’n tabiyat zonalarinin’ payda bo’liwina alip keledi.

O’zbekstan aymag’i eki klimat poyasi aymag’inda – o’rtasha poyastin’ qublasi menen suptropik poyastin’ arqa shetki qurg’aqshil bo’leginde jaylasqan. O’rtasha klimat poyasinda sho’ller zonasi, subtropik poyasta suptropik sho’ller zonasi jaylasqan. O’rtasha klimat poyasinda Ustyurt platosi, Amudarya etegi arqasi , suptropik poyasqa Tomengi Amudarya deltasinin’ Qizilqum ham Tomengi Zarafshan tegislikleri, Qashqadarya etegindegi tegislikler kiredi. O’zbekstanda tiykarinan sazli,qumli, tasli sho’ller tarqalg’an. Sho’llerde jazg’I temperaturanin’ joqarilig’i jawin mug’darinin’ kemligi sebebli ag’in suwlar qaliplespeydi. Biraq O’zbekstannin’ arqadag’I sho’lleri menen qubladag’I sho’ller tabiyatinda ulken pariqlar bar. Bul pariqlar jildin’ suwiq ham jilli waqitlarinda ko’zge taslanadi.

Arqadag’I sho’llerde qis qatti bo’lip, uzaq dawam etedi, suwiqli kunler ko’birek bo’ladi, qar qoplami uzaqraq bo’ladi. Jazi qisqa, juda ham issi emes,jawin mug’dari o’simliklerdin’ o’siwi ushin jetpese, har jil dawaminda derlik bir tegis bo’listiriledi.

Suptropik poyas sho'lleri qisinin' jumsaqlig'I menen qar qaplaminin' uzaq jatpag'anlig'I menen suwiq kunlerdin' jilli kunler menen almasiniwi ham o'simliklerdin' vegatatsiyasi qista ham dawam etiwi menen arqadag'I o'rtasha sho'llerden pariq qiladi. Jawinnin' 70-90% qis ham bahar aylarina tuwra keledi.

Tabiyat zonalarinin' geografik ken'lik bo'ylap jaylasiw nizamlig'I tawli ulkelerge tuwra kelmeydi. Tawlarda temperature ig'alliq mug'darinin' pastten jo'qarig'a qaray o'zgerip bariwi sebebli tabiyat ham sol bag'darda o'zgeredi yag'niy biyiklik poyasi bo'ladi. O'zbekstan tawlarinin' etegi sho'llerge barip taqalg'ani ushin biyiklik poyaslari ham joqari biyik taw muzliqlarina shekem almasadi.

O'zbekstan tawlarinda tegislikke ta'n klimattin' bazi bir qasiyaetleri- kantenentalliq, jilliq ham sutkaliq temperature amplitudasinin' ulkenligi, hawanin' qurg'aqlig'I siyaqli qasiyetleri saqlanip qalg'an, biraq tawlarda bul klimat qasiyetler keskinligi kemeyedi. tawli ulkelerde bulutli kunlerdin' ko'p bo'liwi hawa temperaturasinin' pas bo'liwi, qardin' uzaq jatiwi, jawin mug'darinin' ko'pligi taw-alap janbawir samallardin' esiwi ta'n. Uliwma tawli relef, yag'niy taw dizbeklerinin' absalyut balentligi Quyashqa salistirmali qanday turiwi hawa ag'imlarina releftin' tasiri taw aralig'inda alap batiq , platolardin' bo'liwi turli qiyli landshaftlardin' payda bo'liwina tasir etedi.

2. Landshaftlardin’ biyiklik poyasi bo’ylap jayladsiwi

Janbawir bo’ylap 100 metr ko’terilgende hawa temperaturasi o’rta esapta -0,6 gradusqa paseyedi. O’zbekstan tawlari qubla ken’liklerde bo’liwina qaramastan 3200 metr joqarida hawanin’ o’rtasha jilliq temperaturasi minus bo’lip qaladi. Tawlarda hawa temperaturasinin’ o’zgeriwi taw dizbeklerinin’ bag’darina ham janbawirlardin’ Quyashqa salistirmali qanday turiwina baylanisli. O’zbekstan tawlarinda suwiq bo’lmag’an kunler pastten joqarig’a tarep tomendegishe kemyip baradi. Xovosta (356 m) 230, Toshkentte (473 m) 216, Obliqta (847 m) 211, Sangzorda (1307 m) 184 kun dawam etedi.

O’zbekstan tawlarinda jawin tegislikke qarag’anda ko’p jawadi. Jawin respublikamizdin’ ig’alli hawa massalarina bag’darina biribshi to’siq bo’ladi. Olardin’ batis janbawirlarinda 1500-3000 m balentliklerde en’ko’p jawin tusedi. Jilliq jawin mug’dari 900 mm den asadi.

O’zbekistan tegisliklerinen tawlar janbawirlari bo’ylap ko’terilip barg’an sayin uliwma klimat sharayitlarinin’ o’zgerip bariwi baqlanadi. Jane joqarig’a koterilgen sayin issi klimat jilli klimat penen almasinip , hawa basimi hawanin’ salistirma ig’allig’I o’zgerip baradi. Natijede balentlik klimat poyaslari payda boladi. Bul o’zgersler barliq biyiklik abiyat zonalarinda qaliplesiwine ham jaylasiwina tasir etedi.

Respublikamizdin’ tawlarinda biyiklik poyaslari sho’l zonasinan baslanadi. Bul zona eki bo’limnen tomengi sho’l ham jaoqari sho’ldn ibarat. Tomengi sho’l 0-200 metr absalyut biyiklikte jaylasqan bo’lip, joqari sho’l 200-500 metr biyiklikke iye. Joqari sho’l tomengi sho’lden

tawlarg’a jaqinlig’I ham sol sebebli jawinnin’ biraz ko’pligi menen ajralip turadi. Tabiyatina ko’re ken’lik zonalari menen biyiklik poyaslari arasinda o’tkinshi zona esaplanadi. Ayrim ilimpazlar jo’qari sho’ldi biyiklik poyasina kiritken bo’lsa , ayrimlari oni ken’lik sho’l zonasinin’ bir bo’legi sanaydi.

Keyingi biyiklik poyasi taw aldi ham shala qurg’aq dala poyasi esaplanadi. O’gan taw aldi tegislikleri ham taw aralig’indag’I batiqlar , taw aldindag’I qirlar ham qir aldi tegislikleri past tawlar kiredi. Bul poyastin’ absalyut biyikligi 500 m den 1200-1600- m ge shekem baradi. Pelefi bir tegis emes, apiwayi ham toq tusli topiraqlar tarqalg’an , o’simlik qaplami tiykarinan ren’ ham qo’n’ibastan ibarat. Bul poyasta eki biyilik zona tomengi bo’leginde shala sho’l ham joqari boleginde qurg’aq dalalar jaylasqan. Shala sho’lde tabiyiy ig’alli o’nimler jetistiriw mumkin. Uiwma bul poyas suwg’arip egiwde danli eginler jetistiriwde , relefi diyqanshiliqqa qolaysiz bo’lg’an jerlerde jaylaw sharwashilig’inan paydalaniladi.

O’rtasha balent tawlardin’ tog’ay-jaylow-dala poyasi Batis Tyanshan ham Gissar tawlarinda 800-900 m den 2500-2700 mge shekem bo’lg’an biyklikte jaylasqan. Bul jerler topiraf’I juwilip ketkennen son’ ko’p jerlerdi qoyali taw jinislari surimelelr iyelep jatadi. Qurg’aq janbawirlarda qon’ir tusli topiraqlar tarqalg’an bolip bul jerlerge arshalar ta’n,ham qurg’aq dala o’simlikleri o’sedi. Tawlardin’ ig’alli hawa massalarina ig’alli janbawirlarinda qo’n’ir taw topiraqlari ken’ tarqalg’an. Bunday jerlerde yanf’oqlar, namatakler, ham arshalar o’sedi. Bul poyas jazg’I ham kuzgi jaylawlar sipatinda ham taw bag’darshilig’inan paydalniladi. Balent tawlardin’ alp ham

subalp jaylawlari biyikligi 2700-2800 m balentlikten baslanadi. Bul poyas ash ham to’q qo’n’ir topiraqlarda ig’alli jaylaw ham ig’alli dala o’simlikleri ken’ tarqalg’an. Poyas 2 bo’limnen – subalp ham alp jaylawlarinan ibarat. Subalp jaylawlar biyikligi 2700-28—mden 3000-32—m ge shekem bolg’an jerler kiredi. Topiraqlari ash tusli qon’ir , bashaqli eginler ko’p tarqalg’an. Erik, arsha, ushiraydi. Alp jaylawlari 3200 m den balent jerlerde rawajlang’an. Topirag’I toq tusli qo’n’ir kseroft o’simlikler ken’ ushiraydi. Subalp ham alp jaylawlarinan tiykarinan myda mallar ushin jazg’I jaylaw sipatinda paydalnailadi. Qar muzlar poyasinda tawlardin’ mang’I ham muzlar menen qaplang’an, en’ biyik jerleri kiredi. Bul poyas qar sizig’inan joqarida jaylasqan onin’ tomengi shegarasi Piskom basseyninde 3600 m, Qashqadaryada 3820 m, Sangardakta 3850 m biyiklikke tuwra keledi.

Tawli aymaqlarda awil xo’jalig’I ushin o’zlestiriw, ham onnan kelip shig’atug’in mashqalalardi uyreniw sol kunnin’ en’ ahimiyetli waziypalarinan biri. O’zbekstan tawlarinan hazirgi waqitta tiykarinan jaylaw sipatinda paydlaniladi. Ol jerlerde barliq xaliq shama menen 10% jasaydi. Taw kan sanaatinan basqa sanaat tarmaqlari rawajlang’an emas.

Demek, Ozbekstan relefi genezisi jasina ko’re quramali ham har qiyli eken. Onin’ ayamg’I ken’ tegisliklerden ham biyikligi 4000 mge shekem bo’lg’an ham ondan balent taw massivlerinen ibarat bo’lip, olar respublika aymag’inda bir tegis jaylaspag’an. Respublika aymag’inin’ shig’is ham arqa shig’is bolimlerin tawli ham alaplar batis ham arqa batis bo’limnde ken’ akkulmyativ tegislikler ham taw aldi tegislikleri iyelegen.

3. O’zbekstan landshaftlarinin’ klassifikatsiyalniwi.

O’zbekstan landshaftlari ham relefine baylanisli morfotektonik belgilerge tegislik ham taw landshaftlarina bo’limi har biri alaxida landshaft klasslarina ajratiladi. Olar ham o’z nawbetinde strukturali – denudatsion,eol tegisliklerine past tawlarg’a o’rtasha ham balent tawlarg’a bo’linedi. Tegislik landshaftlari klassinda en’ iri birlik landshaftlar gruppalari sanaladi. O’zbekstan landshaftlari suw rejimine ko’re avtomorf, gidromorf ham yarim gidromorf landshaft gruppalarina ko’rinedi.

Avtomorf landshaftlar topiraq o’simlik qatlami sizo’t suwlari qatnashisiz tiykarinan jawin suwlari tasirinde rawajlanatug’in landshaftlar sanaladi. Olar suwayrig’ishlarda biyik tegisliklerde grunt suwlari past bo’lg’an sharayitta payda bo’ladi. Bul sharayitta topiraq ham o’simlikler gorizontall nizamliq normalarinda tarqaladi. Gidromorf landshaftlar jawinlardan tisqari qo’simsha suw derekleri ag’in suwlar, grunt suwlar qatnasinda rawajlanadi. Ham jil dawaminda olar tasirinda bo’ladi. Gurunt suwlardin’ shuqirlig’I mawsumiy o’zgerip ham malim dawirdeg’ana topiraqlar rawajina tasir ko’rsetetug’in aymaqlar yarim gidromorf landshaftlar o’rtasinda araliq landshaftlar turlerin ajratiwg’a imkan beredi.

Landshaft turleri shen’berinde geologic ham geomorfologik kategoriyalarg’a yag’niy relef turine oni payda boliw menen baylanista bo’lg’an jatqiziqlarg’a qarap landshaft rodlarg’a ajiratiladi. Maselen sho’l landshaft turi shen’berinde to’lqin siyaqli kushli maydalang’an

prolyuval tegislikler  landshaft rodlarin yamasa juzesi tegis prollyuval tegislikler rodlarin ajiratiw mumkin.

Landshaft klassifikatsiyasindag’I en’ kishi taksanomik  birlik bul landshaft har qiylilig’i. Ol uliwma qasiyetke iye bo’lg’an landshaftlar jiyindisinan ibarat bo’lip,  tabiyiy o’simlik ham o’g’an ta’n bo’lg’an topiraq qasiyetleine qarap ajratiladi.  N.A.Kogay O’zbekstanda 50 den aslam  landshaft turin ajiratqan(1982 jil )   ham olardi zonalar hamde poyaslar bo’yinsha jaylasiwina qarap landshaft turlerine gruppalastirg’an. O’zbekstandag’I biyklik poyaslarinin’ tomengi bo’limin  quraytug’in sho’l turina  33 landshaft turi kirgizil gen. Bul turden joqarida jaylasqan  sho’l-dala-qurg’aq dala landshaft turi 11 landshaft turinen quralg’an. Tog’ay jaylaw dala landshaft turindegi landshaftlar  4 turge ajiratiladi.

O’zbekstan landashaftlari payda bo‘liwi ham duzilisi   basqa ahimiyetli belgilerine ko’re  dizimge salig’anda  guruppalastirg’anda olar tomengi taksonomik birliklerge ajiratiladi:  klass- landshaft gruppasi-landshaft turi- landshaft rodi- landshaft turi .

Bunday tipologik landshaft komplekslerine  ajiratqanda aymaqtin’ tabiyatina ko’re bir putinligi balkim turli jerlerdegi landshaftlardin’ o’zara uxsaslig’I  tiykar qilip alinadi.